



YAYASAN PENDIDIKAN ISLAMIYAH

MADRASAH IBTIDAIYAH ISLAMIYAH KEDUNGJAMBU

Alamat : Desa Jambangan Kecamatan Paron Kabupaten Ngawi Kode Pos : 63253

Terakreditasi: A Email : mis.islamiyahkedungjambu0020@gmail.com

NPSN : 60717905

NSM:111235210020

PENILAIAN AKHIR SEMESTER GANJIL

TAHUN PELAJARAN 2023/2024

Nama :	Mapel : Bahasa Jawa
Kelas : V (Lima)	Hari/Tanggal : Sabtu/ 9 Desember 2023

I. Wenehana tandha (X) ing aksara a, b, c, utawa d marang wangsulan kang bener !

- Salah siji titikan wacan narasi kaya ing ngisor iki, *kejaba*
 - nyritakake pengalaman
 - nyritakake dedongengan
 - nggambarake kahanan, panggonan
 - urut wektu
- Kronologi tegese
 - nyritakake kanthi temenan
 - nyritakake kedadean urut wektune
 - nyritakake kedadean urut paragane
 - nyritakake kedadean karo alasane
- Tulisan sing gagasan pokok diandharake kanthi cara nggambarake obyek nganti sing maca kaya nyawang, krungu, ngrasakake dewe diarani teks
 - narasi
 - deskripsi
 - persuasi
 - argumentasi
- Ing ngisor iki struktur teks deskripsi, *kejaba*
 - klarifikasi
 - klasifikasi
 - deskripsi bagean
 - identifikasi
- Ing ngisor iki titikane pawarta, *kejaba* ...
 - menarik
 - aktual
 - disiarake
 - piguna
- Pawarta isih anyar, dadi pacelathone wong akeh, tegese pawarta iku
 - aktual
 - migunani
 - penting
 - nuwuhake akibat
- Warta kang diterbitake ora saben dina, nanging saben minggu, sasen, utawa wulan, diarani
 - ariwarti
 - kalawarti
 - lokal
 - internasional
- Majalah *Panjebar Semangat*, kalebu warta
 - kalawari
 - ariwarti
 - lokal
 - internasional
- Ing ngisor iki media kanggo nyebarake warta, *kejaba*
 - radio
 - televisi
 - kertas
 - manuk merpati
- Media kanggo nyebarake warta kang mbutuhake kuota yaiku
 - radio
 - televisi
 - internet
 - kertas
- Pawarta kang ditulis mawa kreatifitas penulis diarani
 - featuring
 - news
 - opini
 - gagasan
- Truk sing nggoling ing dalan tol, ngangkut keramik saka Jakarta.*
Cuplikan pawarta iku wis nuduhake jawaban saka pitakon
 - sapa
 - kapan
 - apa
 - kepriye

13. Perangan pawarta iki nuduhake jawaban pitakon *kapan (when)* yaiku
- Gedhung pertemuan kuwi dibangun dhek taun 2009.
 - Sing mbangun gedhung kuwi Ketua Yayasan Amal Bakti.
 - Dhana kanggo mbangun gedung diklumpukake saka sumbangan masyarakat.
 - Masyarakat ana sing nyumbang dhuwit ana uga arupa material.
14. Pawarta kang sumebare ana ing lingkup provinsi kalebu pawarta
- lokal
 - regional
 - nasional
 - internasional
15. *Yen miturut bapakku sekolah kuwi ora nganggo sragam, yen nganggo sragam ngabot-aboti sanggane wong tuwa.*
- Pawarta ing duwur kalebu
- news
 - koran
 - opini
 - feature
16. Pawarta sing diwaca Pak Naryo ing koran kedadean isih dhekwingi sore, mulane pawarta iki diarani
- penting
 - actual
 - piguna
 - opini
17. Tembung pitakon "*kapan*" kanggo mangerteni ... kedadeyan iku dumadi.
- wektu
 - wong
 - proses
 - sebab
18. Kanggo mangerteni papan kedadeyan dumadi, nggunakake tembung pitakon
- apa
 - sapa
 - nyangapa
 - ing ngendi
19. Ing ngisor iki, ukara kang duweni pola J-W-K, yaiku
- Ibu masak ing pawon.
 - Warno ngombe kopi ireng.
 - Sari dolanan karet ing latar.
 - Tari ana ing kamar.
20. Ing ngisor iki kalebu basa rinenggo, *kejaba*
- dasanama
 - purwakanthi
 - lingga
 - camboran
21. Basa kang ditata amrih endah lan nengsemake diarani basa
- rinengga
 - krama
 - ngoko
 - sastra
22. Tembung 2 sing pada utawa meh pada tegese, bareng panganggone, diarani tembung
- entar
 - camboran
 - paribasan
 - saroja
23. Partini lagi jothakan karo Ndari. Mulane deweke yen papasan ora gelem sapa
- kowe
 - aruh
 - weruh
 - salam
24. Ing ngisor iki kang kalebu tembung camboran wutuh yaiku
- telo bakar
 - andhap asor
 - pakboletus
 - abang mbranang
25. Lunglit asale saka tembung
- tulung wong alit
 - telung kulit
 - lung dilit
 - balung karo kulit
26. Omongane nylekit ... wong sing krungu.
- ngabangke kuping
 - nggatelke kuping
 - manaske kuping
 - nganyelake
27. Ing masyarakat Jawa, titilaras diperang dadi loro, yaiku laras ... lan
- pelog lan slendro
 - pelog lan pathet
 - pathet lan slendro
 - slendro manyura

Gatekna tembang ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakon no 28 -31!

Ayo kanca gugur gunung bebarengan

Aja ana kang mangkir

Amrih kasembadan

Tujuan pembangunan

Pager apik dalam resik

Latar gumelar

Wisma asri kaeksi

28. Tegese gugur gunung yaiku

- a. genunge mbledhos b. kerja bakti c. longsor d. nyapu dalam

29. Guru wilangan lagu 5a ana ing gatra

- a. 5 b. 6 c. 7 d. 8

30. Gatra 1 guru wilangane ana

- a. 12 b. 11 c. 10 d. 9

31. Tembang ing dhuwur kasusun saka ... gatra.

- a. 4 b. 5 c. 6 d. 7

32. Tembang Sinom duweni watak

- a. grapyak lan renyah b. sereng lan teges c. nglara lan sedih d. luwes lan kewes

33. Ing ngisor iki tembang kang duweni watak sedih yaiku

- a. Mijil lan Sinom c. Maskumambang lan Megatruh
b. Maskumambang lan Durma d. Megatruh lan Mijil

34. Tembung “*jumbuh*” minangka sasmitane tembang

- a. Gambuh b. Megatruh c. Pangkur d. Pocung

35. Batangane tembang Pucung ing ngisor yaiku

Bapak pucung bunder-bunder saka pohung

Isi gula jawa

Dipangan sajak mirasa

Mung ing jawa panganan iki lang ana

- a. gandos b. utri c. jemblem d. mendhut

II. Genepana ukara-ukara ing ngisor iki nggunakake tembung sing trep!

1. Wacan sing nggambarake kedadean, kahanan, panggonan nganti sing maca kaya-kaya ngalami kaya sing ana ing wacan kalebu karangan jinis
2. Piweling ana ing wacan diarani
3. Warta wujud panemu, tanggapan utawa asil pemikiran sajroning nyikapi kahanan, nanging durung bisa dipesthekake bener lupute, diarani pawarta
4. Pawarta sing sumebar sak ndunya, kalebu jinise pawarta
5. *Dadar gulung*, tuladhane tembung
6. Yuni nganggo klambi abang (kang duweni teges mbangetake)
7. Bocah ... (ora duwe isin), mentas nyolong isih wani mrene.
8. Tembang macapat uga diarani tembang

9. Dhong dhinge swara ing pungkasane gatra diarani
10. *Sang gethek lampahnya slon*. Guru wilangane ana

III. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi jawaban sing bener !

1. Tulisen titikane teks narasi 3 wae!
2. Gawenen ukara kanthi pola kang wis ditemtokake!
 - a. J – W - L
 - b. J – W – L – K (wektu)
3. Gawenen ukara kang ngandut tembung kang wis ditemtokake!
 - a. tembung saroja
 - b. tembung camboran
 - c. tembung entar
4. Tulisen 3 wae tembang macapat!
5. Tentokne guru gatra, guru lagu, lan guru wilangane tembang ing ngisor iki!

Adiguna punika

Ngandelaken kapinteranipun

Samubarang kabisan dipun dhewek weki

Sapa pinter jaya ingsun

Tugging ati ora enjoh